

**EAST RAMAPO  
BOARD OF EDUCATION**

Yehuda Weissmandl, *President*  
Sabrina Charles-Pierre,  
*Vice-President*  
Mark Berkowitz  
Harry Grossman  
Ashley Leveille  
Sherry McGill  
Shimon Z. Rose  
Yossi Weiss  
Ephraim Weissmandl

Dr. Clarence G. Ellis  
Superintendent of Schools


Published by the East Ramapo Central  
School District in cooperation with the  
Rockland BOCES Communications Service.

**East Ramapo Central School District**  
105 South Madison Avenue  
Spring Valley, NY 10977

PRSR  
FIRST-CLASS MAIL  
U.S. POSTAGE  
**PAID**  
MONSEY, NY 10952  
PERMIT NO. 7025

**CURRENT RESIDENT**

**T I M E - D A T E D   D O C U M E N T**



**DISTRI ESKOLÈ SANTRAL  
EAST RAMAPO**

*"Yon kominote ki ini pou edike timoun lan nan tout dimansyon li"*

**EDISYON POU BIDJÈ • PRENTAN 2022**

**Vòt Bidjè an ki Pwograme pou 17 me 2022**

**YON MESAJ PREZIDAN AK DIREKTÈ KONSÈY ADMINISTRASYON LEKÒL LA VOYE POU OU**

**Chè Kominote East Ramapo an,**

Nan jou ki te Mèkredi 13 avril 2022 an, Konsèy Administrasyon Edikasyon East Ramapo an te aksepte bidjè distri eskolè pou peryòd 2022-23 an ki se yon montan \$262,544,765. Gras ak yon jesyon ak yon sipèvizyon fiskal ki efikas, ERCSD pral prezante yon plan finansye bay moun k ap vote yo ki pral amelyore pwogram gran kalite ak sipò solid nou yo nan fason ki pi ekonomik la.

Konsèy Admininstrasyon Edikasyon an toujou ap panse ak chay taks yo reprezante sou do kominote an. Bidjè nou pwopoze an prevwa yon ogmantasyon 3.96% nan taks yo, ki anndan limit Eta New York mete pou sa a. Plan depans lan reprezante yon **rediksyon** 3.64% nan bidjè an pa rapò ak ane pase.

Nou ankouraje chak moun pou yo itilize dwa sa yo genyen pou vote an pou bidjè distri eskolè an pandan peryòd 2022-23 an nan jou k ap **Madi 17 me 2022 an**. Moun k ap vote nan Sektè 2, 6 ak 9 yo pral kapab chwazi ki moun k ap nan Konsèy Administrasyon Edikasyon an nan vòt y ap fè yo.

Mèsì pou fyète ou ak sipò ou toujou ofri bay Distri Eskolè Santral East Ramapo an.

**Yehuda Weissmandl**  
Prezidan Konsèy Edikasyon an

**Doktè Clarence G. Ellis**  
Direktè an chèf Lekòl yo

**REZIME BIDJÈ KI  
PWOPOZE POU PERYÒD  
2022-23 AN**

Bidjè yo Pwopoze an:  
**\$262,544,765**

Chanjman Bidjè nan Bidjè:  
**-3,64%**

Ogmantasyon nan Taks yo Prewwa:  
**3,96%**

# Priyote Bidjè yo

Nan kad estrateji amelyorasyon Plan Estratejik Alontèm lan (2020-2025), Bidjè ERCSD yo pwopoze pou peryòd 2022-2023 an demontre yon angajman pou akselere reyisit akademik, sante sosyal, emosyonèl ak mantal, ansanm ak sante ak sekirite elèv yo, pèsònèl lan, ak fanmi yo pandan l ap bay priyote ak sa ki pi ba yo:

## Akselerasyon Reyisit Akademik

- Siksè nan premye ane yo gras ak pwogram ak ekspèyans aprantisaj pwofesyonèl ki abòde ansèyman ak entèvasyon nan kad alfabetizasyon pou divès moun k ap aprann yo.



- Metriz sijè akademik yo ak zèv atizana yo gras ak devlopman, pèfeksyonman, ak aplikasyon pwogram ki garanti ak dirab, ki adapte ak lakilti, ki respekte estanda aprantisaj Depatman Edikasyon Eta New York lan sou plizyè ane.

- Diplòm etid segondè ak preparasyon pou inivèsite ak karyè yo gras ak ogmantasyon posibilite aprantisaj konbine pandan epi andeyò jou lekòl lan.


## Sante Sosyal, Emosyonèl ak Mantal

Devlopman moun ki gen yon espri kritik, ki motive, gen konfyans nan tèt yo epi ki gen kapasite pandan n ap angaje pèsònèl ki la ak sa ki pa la pou ansèyman an nan pratik reparasyon yo ak repons ki apwopriye ak bezwen elèv nan yon kad kiltirèl, epi pandan n ap devlope pwogram ki ofri etidyan yo estrateji pou ekprime epi fè fas ak difikilte yo.



## Sante ak Sekirite Elèv yo, Pèsònèl lan ak Fanmi yo

Kreye yon anviwònman aprantisaj ki djanm, ki garanti, ki ankadre, ki enteresan, epi ki egzijan gras ak investisman estratejik nan etablisman nou yo, teknoloji nou an, ajan sekirite nou yo, ak materyèl edikatif nou an.



**VOTE: MADI 17 ME 2022 • 7:00 A.M. - 10:00 P.M.**

## Avi sou Bidjè Distri Eskolè East Ramapo Central School District an pou peryòd 2022-23

| PWOPZISYON BIDJÈ JENERAL   | Bidjè ki aksepte pou Ane Eskolè 2021-22 an | Bidjè ki aksepte pou Ane Eskolè 2022-23 an | Bidjè Sekou pou Ane Eskolè 2022-23 an* |
|--|--|--|--|
| Montan Total ki nan Bidjè an, San Pwopozisyon Separe yo  | \$ 272,449,633                             | \$ 262,544,765                             | \$ 256,421,500                         |
| Ogmantasyon/Rediksyon pou Ane Eskolè 2022-23 an  |  | \$ -9,904,868                              | \$ -16,028,133                         |
| Ogmantasyon/Rediksyon Pousantaj nan Bidjè yo Pwopoze an  |  | -3.64%                                     | -5.88%                                 |
| A. Prelèman Taks ki Pwopoze an Pou Sipòte Montan Total ki nan Bidjè an   | \$ 154,490,227                             | \$ 160,613,492                             | \$ 154,490,227                         |
| B. Prelèman pou Sipòte Dèt Bibliyotèk, si li aplikab   | \$ 0                                       | \$ 0                                       |  |
| C. Prelèman pou Pwopozisyon ki Pa Kapab Eksklè yo, si sa Aplikab **  | \$ 0                                       | \$ 0                                       |  |
| D. Montan Total Rezèv Limit Fiskal la yo Itilize pou Redui Prelèman pou Ane Aktiyèl la   | \$ 0                                       | \$ 0                                       |  |
| E. Prelèman Total Taks yo Pwopoze pou Ane Eskolè an (A + B + C - D)  | \$ 154,490,227                             | \$ 160,613,492                             | \$ 154,490,227                         |
| F. Eksepsyon ki Otorize pou Limit Prelèman Taks Eskolè yo  | \$ 2,590,102                               | \$ 2,735,178                               |  |
| G. Limit Prelèman Taks Eskolè, San Prelèman pou Eksepsyon Otorize yo   | \$ 156,023,654                             | \$ 157,878,314                             |  |
| H. Prelèman Taks Total yo Pwopoze pou Objektif Eskolè yo, San Eksepsyon Otorize yo ak Prelèman pou Dèt Bibliyotèk, Plis Ansyen Rezèv Limit Fiskal Anyèl la (E - B - F + D) | \$ 151,900,125                             | \$ 157,878,314                             |  |
| I. Diferans: (G - H); (Valè Negatif la Egzijè Apwobasyon 60.0% moun k ap vote yo - Ale Gadè Nòt Ki Pi Ba an Konsènan Pwopozisyon Separe yo)**                              | \$ 4,123,529                               | \$ 0                                       |  |
| Eleman Administratif   | \$ 30,004,655                              | \$ 23,611,607                              | \$ 23,550,476                          |
| Eleman Pwogram lan   | \$ 194,762,419                             | \$ 208,285,141                             | \$ 208,285,141                         |
| Eleman Kapital   | \$ 47,682,559                              | \$ 30,648,017                              | \$ 24,585,883                          |

\* Deklarasyon sipozisyon ki fèt nan kad pwopozisyon yo bidjè sekou pou ane eskolè 2022-23 an, si tout fwa yo ta rejte bidjè ki pwopoze an: Rediksyon nan kèk depans administratif, edikatif ak lòt depans.

Site Pwopozisyon Separe ki pa anre nan kalkil Montan Bidjè Total la: (Prelèman Taks ki asosye ak pwopozisyon ki elijib pou eksklizyon yo kapab gen yon enpak sou limit prelèman taks sou pwopriyete ak egzijans apwobasyon moun k ap vote yo)

| Deskripsyon | Montan |
|-------------|--------|
| OKENN       | \$0    |

| Ekonomi yo Estime pou Franchiz Debaz STAR lan': | Nan Kad Bidjè ki aksepte pou Ane Eskolè 2022-23 an |
|---|--|
|   | \$784  |

Vòt pou bidjè anyèl pou ane fiskal 2022-2023 moun ki kalifye pou vote yo nan Distri Eskolè Santral East Ramapo an ki chita kò l nan Rockland County, New York, ap fèt nan kote nou pral site yo: Sektè 1 Lekòl Elemantè Summit Park; Sektè 2 Sant Kominotè Pascack; Sektè 3 Lekòl Segondè Spring Valley; Sektè 4 Lekòl Entèmedyè Chestnut Ridge; Sektè 5 Yeshiva Viznitz; Sektè 6 Lekòl Elemantè Elmwood; Sektè 7 Lekòl Segondè Ramapo; Sektè 8 Lekòl Entèmedyè Pomona ak Sektè 9 Lekòl Elemantè Lime Kiln.

\*Se atik 425 nan Lwa pou Taks sou Pwopriyete Reyèl la ki otorize franchiz pou taks eskolè debaz la (STAR).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou bijè ERCSD ki pwopoze pou 2022-23 a, ale sou [www.ercsd.org/budgetvote22](http://www.ercsd.org/budgetvote22) oswa eskane la.



## Sou Bilten Vòt la

**PWOPZISYON #1: BIDJÈ 2022-23:** Èske yo dwe aksepte Bidjè Anyèl Distri Eskolè an, jan yo pwopoze l la, ak montan \$262,544,765 an epi èske gen yon prelèman taks ki fèt nan respè lalwa pou fè fas ak sa a?